# ЦІияб 2015 сонгун, районцоял!

Ассаламу гІалайкум!


# АХИХЪАН

№ 1 (7141)

2015 с. 1 январь

Хамиз

БАГЬА 5 ГЪУРУЩ.

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru


ЦІияб соналде - цІиял рукъзал

Лъимал махщалиде ругьун гьарулей

Литературияб гьумер







## Райадминистрациялъул бетІерасул ишал тІуралев ГІ. М. НурмухІамадов



Лъалеб букІахъе 23 декабралда райадминитрациялъул бетІерасул ишал тІуралевлъун вачІана НурмухІамадов ГІиса МухІамадович. НурмухІамадов ГІиса МухІамадович гьавуна І963 соналъул І8 январалда Зирани росулъ. Зирани гьоркьохъеб школа лъугІизабун хадуб Советияб Армиялъул кьеразулъе хъулухъ гьабизе ахІизегІан хІалтІана «Зирани» совхозалда хІалтІухъанлъун. Советияб Армиялъул кьеразулъ тІадаб рагъулаб хъулухъги тІубазабун І984 соналда тІад вуссана гІагараб «Зирани» совхозалда хІалтІизе.

І988 соналда тІокІлъизабун лъугІизабуна колхоз-совхозазе нухмалъулел кадраби хІадур гьарулеб Дагъистаналъул росдал магІишаталъул техникум, 2І соналда «финансы и кредит» абураб махщалил Москвалъул управлениялъулгун бизнесалъул институт.

І997 соналдаса 2007 соналъул ноябралде щвезегІан хІалтІана Шамильхъала поселокалъул «Жилкомсервис» МУПалъул директорасул заместительлъун ва директорлъун. Гьелдаго цадахъ кІиго болжалалъ тІатІалаго: І998 соналдаса 2007 соналде щвезегІан вукІана Унсокорло районалъул Собраниялъул депутатлъун.

2008 соналъул І0 январалдаса 20І4 соналъул І8 декабралде щвезегІан тІубазабуна Унсоколо, Хьаргаби, ЧІарада ва Гъуниб районал курировать гьабураб № І0 районазда гьоркьосеб Федералияб налоговияб инспекциялъул начальникасул хъулухъ. Гьеб организациялъе бажарун нухмалъи гьабиялъул хІасилалда кІвана киналго даражабазул бюджеталъул налогазул платежниял ракІариялъул планалъулал тІадкъаял тІуразаризе. ГІемерал соназ налогазул органазда пачалихъияб хъулухъ хайир бугеб куцалда тІубазабиялъе гІоло НурмухІамадов ГІиса МухІамадовичасе кьун буго Россиялъул ФСНалъул ХІурматалъул грамота.

Кинаб хъулухъалде кканиги гьес бажарун, професиналияб куцалъ намус бацІцІадго тІубазабуна жинда тІад къараб хІалтІи, гьел тІуразаруна хайир бугел къагІидаби, цІиял приоритетниял рахъалги рихьизарун.

Буго хъизан ва тарбия кьолеб буго щуго лъимералъе.

## ЦІияб - 2015 сонгун!

ХІурматиял районцоял!

Гьале сверана ХХІ гІасруялъул цойги сон, бегана нилъер гІумруялъул цоги тІамач, нилъеца дандчІвай гьабуна ЦІияб 20І5 соналда.

Бигьаяб букІинчІо 20І4 сон Россиялъулги Дагъистаналъулги, хасго нилъер районалда гІумру гьабулезеги. Амма кидаго бигьаял гурел шартІазда гІумру гьабун ругьунал, яхІ-намусалъул цІурал, тІаде бачІараб бакІаб къо бихьинчилъиялда хІехьезе кІолел, нилъер районалъул гІадамазда бажарана 20І4 соналъул магІишатиялги социалиялги суалал гІумруялде рахъинарун. Унсоколо ран рагІалде рахъинарун, ЦІияб соналде хІалтІизаризе кьуна гІадамал жанир чІолел, 4 гІемерквартирарлъул минаби.

Нилъеца, районалъул гІемерисел гІадамаз бацІцІадго ва тІадегІанаб къадруялда цІунун буго исламияб дин ва умумуз нилъехъе кьовухъе кьолеб буго гІун бачІунеб гІелалъухъе. ЦІияб соналда районалъул гІадамал рачІана цІиял хьулалгун ва анищалгун, букІинеселде щулияб ракІелчІейгун.

РакІ-ракІалъ баркула нужеда тІаде щвараб ЦІияб – 20І5 сон! Гьарула щивасе сахлъи, ракъел, рес буголъи ва талихІ. ТІадегІанав Аллагьас баракат рештІаги щивасул рукъалда! ТІурайги щивасул ракІелъ ругел лъикІал къасдалгун мурадал,

Биччанте ЦІияб сон нилъер щивасе букІине рохалилаблъун, ургъел-балагьал рикІкІалъараблъун, ракълилаблъун ва талихІаблъун, тІолалго районалъул гІадамалцоцада ричІчІулеллъун, гьудул-гьалмагълъиялда рукІунеллъун, районалда цере чІарал масъалаби тІураялъе, гІадамазул гІумру-яшав лъикІлъиялъе гІоло киналго районцоял гъункулеблъун ва цолъулеблъун! ЦІияб сонгун, цІияб талихІ-рохелгун хІурматиял районцоял! Баркат-рахІматалъул цІураб батаги тІаде щвараб ЦІияб 20І5 сон киналго районалъул гІадамазе.

**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ,**
«Унсоколо район» муниципалияб гІуцІиялъул администрациялъул бетІерасул ишал тІуралев

Районалъул активалъул данделъи

## ВачІана цІияв бетІер



*Араб соналъул 23 декабралда райадминистрациялъул залалда данделъун букІана районалъул актив. Гьениб гьоркьоб лъун букІана цеве вукІарав районалъул бетІер нахъе ун, ишал тІуралевлъун цеве районазда гьоркьосеб налоговияб инспекциялъул нухмалъулевлъун вукІарав ГІиса НурмухІамадов вихьизавиялъул суал. Гьеб тІубазабиялъе районалде рачІун рукІана Дагъистаналъул БетІерасул мугІрузулаб секторалъул рахъалдасан вакил М-Х1. ЗайнулгІабидов, гьесул зам. ГІ. МухІамадов, районалъул бетІерлъун вукІарав Ш. МухІамадовги.*

Активалъул данделъи рагъулаго къокъабго кІалъай гьабуна Ш. МухІамадовас.

*(Ахир 2 гьумералда)*

# ВачIана цIияв бетIер

– ЗахIматаб хIал букIана ва буго районалда,-ян бихьизабуна гьес. – Гьаниве вачIунаго гIемераб хIалтIи гьабизе ракIалда букIана дидаги, амма вачIараб къоялдаса нахъе лъуна КТОял. Гьез дагьабги захIмалъизабуна районалда ахIвал-хIал.

Кин батаниги гьабуна кIварабщинаб ва республикая лъул нухмалъиялъ бихьизабухъе дица толеб буго хIалтIи. Гьаниве вихьизавулев ГI. НурмухIамадовги вуго бажари бугев нухмалъулев, кив хIалтIулев вугониги дицаги районалъул цебесеб цIар рукIалиде ккезабизе кумек гьабизе буго. Баркула ГI. НурмухIамадовасда тIадегIанаб хIалтIи, гьарула гьесие хIалтIулъ битIккей.

Хадубги гьес цIалана живго нахъе иналъул ва ГI. НурмухIамадов райадминитстрациялъул и. о. лъун тIамиялъул распоряжение.

КIалъазе вахъана М. ЗайнулгIабидов. Гьес бихьизабуна Ш. МухIамадов хIакъикъаталдаги хIалтIанин захIматаб заманалда. – ЗахIмалъаби рукIине руго хадурккунги,-ян бихьизабуна гьес. – Жеги буго террорги, тIаде щун буго кризисалъул заманги. Кинабго рекъезабун хIалтIи бачине хьул гьабулеб буго ГI. НурмухIамадовасде республикаялъул нухмалъиялъ. Баркула гьесда цIияб хIалтIи ва нужедаги тIаде щвараб ЦIияб сон.

Активалъул дандеЛъиялда кIалъарав ГI. НурмухIамадовас баркала кьуна жиндего гьабураб божилъиялъухъ Дагъистаналъул нухмалъиялъе.

ДандеЛъиялда баркун кIалъаял гьаруна рай-админисрациялъул отделалъул нач. М. ХIажиевас, П. Пайзудиновалъ, ЦIатIанихъ росдал бетIер Н-М. Сайпулаевас, ГIашилтIа росдал бетIер М-Н. Назирбеговас, субсидиязул отделалъул нач. С. ГIабдулхIажиевалъ, райадминистрациялъул бетIерасул зам. С. АхIмадовасги. Гьез бихьизабуна Ш. МухIамадов вукIанин гIамал гьитIинав, чиясухъ гIенеккулев нухмалъулев. Гьединавлъунги вукIун МухIамадовас кумек гьабизе ккелин кив хIалтIизе аниги районалъе,-абун.

Хадув кIалъазеги вахъун Ш. МухIамадовас баркала загьир гьабуна цадахъ хIалтIаразе ва дида ракI хварав ватани тIаса лъугьа,-ян гьарана.

Районалъул активалъ чIахIиял хьулалгун къабул гьавуна цIияв бетIер.

# ЦIорол дадал баркиял

### ГIиса НурмухIамадовасухъе

ЛъикI щарав, мун, ГIиса НурмухIамадов,
МугIрул тарихияб гьаб букIоналде.
Терроргги рагъалги жанир ризлъараб
ВатIан хвасарлъизе, лъе хIалт1ул батIа.
ЩIуне кьалалдаса , кьурараб месед,
Гьаб Дагъистаналъул хIасратаб букIон.
Баче ракълил нухде гIагараб район
Умумал бахилаб, хирияб тIалъи.
Гъойсубулиялъул эркенаб руссен
ТIад буссине гьабе гьанибе гIумро.
Дагъистан ракьалъул тарихалъул ракI
РакI унтун валагье, мун гьалъул унтухъ.
Баркула, хIалтIиги гьаб цIияб сонги
ЩIияв жан- талихIалъ байги дуда къвал
ВатIаналъул гьасда цIа ссунгутIизе
Сахлъи-рохелги кьун, цIунун тайги мун!

*Райбольницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъухъе*

Унтабигун къеркьон, къварилъаби чIван
ЧIаголъи щивасе кьолел гIадамал,
Къабул гьаре Дадал хинал рагIаби
РагIун абичIого кагътида хъварал.
Биччанте нужеда цIияб соналда
РакI цIилъулеб хабар къойил рагIизе.
Унтаби дагьлъизе, х1алхьи цIикIкIине
Щивасул ракIазул мурад тIубазе!

*Шамильхъала больницаялъул бетIерай врач З.МухIамадовалъухъе*

**Инсул ирс босарай, ЦIатIанихъа яс,**
**Босея дир салам, ракI-ракIалъ кьолеб.**
**Сахлъиги цIунулей, цIарги берцинай**
**ТIурайги мурадал, дур ЦIияб соналъ.**

# ЦIияб соналде - цIиял рукъзал



малъулелги. Гьез лъикIаб къиматги кьуна бакIал ралезул хIалтIуе.

37 хъизаналъе жанир чIезе киналго санагIалъаби ругел минаби ран руго гьенир. Ралел бакIазул заказчик ккола райадминистрация. Гьенисан рукъзал раялъе нухмалъи гьабулеб букIана бакIал раялъул ва архитектураялъул отделалъул начальник ХIажи ХIамзатовас, минаби рана тендералда бергьарав генподрядчик «Амирбек» ООО-ялъ, прораблъи гьабуна М-ГI. ХIамзатовас. Абизе ккола кинаб рахъ хIисабалде босаниги гьез хIалтIи гьабунин камилго, щвалде



Гьал къоязда «Ветхое жилье» Программаялда рекъон Унсоколо росулъ ран рагIалде рахъинаруна ункъго гIемерквартирабазул рукъзал. Актив т1оби-т1улеб къоялъ гьенире щвана республикаялъул БетIерасул вакил Мух1амадх1ажи ЗайнулгIабидов, гьединго гьесул заместитель ГIамирхан МухIамадов, Шамиль Мух1амадов, Г1иса Нурмух1амадов ва ралел бакIазул министерствоялъул нух



щун. ЦIияб соналда цересел къоязин абуни микьго рихизаризе кколел басриял рукъзабахъа гьенире рахъунел гIадамазухъе кьуна цIиял квартирабазул кIулал ва гьезда баркана ц1иял квартирабазде рахъин ва Ц1ияб сон. ТIокIабги лъикIаб сайгъат ЦIияб соналде щибха букIинеб?

РакI-ракIалъ баркула рукъзал раразда ва жанире рахъаразда ЦIияб сон. ТалихI жаниб батулел ратаги гьел!

***Нижер мухбир.***

# Баркат-талихI бугеб батаги



*Баркула ЦIияб сон, районцоязда!*
*ТалихI-рохел босун бачIун батаги!*
*ТIолго дунялалда щив вугониги*
*Чорхолъа унти ун, рази хутIаги.*

*Рии –их битIаги, хур цIун бачIаги*
*Квешлъабазде Бичас каву рахайги!*
*Дуниялалда тIад кир ругониги*
*Квешал гIадамазда гIадалъ жо щваги!*
*Жив-живасул кIалалъ даим кидаго*
*Рохалий гурони руссен ккогеги!*
*Улкаго чIухIарал лъимал рижаги,*
*Ракълилаб гIумрояль къвал жемун таги!*
*МугIрузда гIиялги гIодор ахалги*
*Хьиндалазул ракьда жеги цIикIкIаги!*
*ЦIиял гIалимзабаз районалъул цIар*
*Дунялалда тIадго машгьур гьабеги!*
*ТIабигIаталъ кьолел тIолго нигIматал*
*ТIадегIанас нилъей гьарза гьареги!*
*ВатIан цIунун ругел гIолилал васал*
*Къадараб цIар босун тIад руссунгеги!*
*Нилъер ракьалдаса квешлъи къотIаги*
*Къварилъи-ургъелал гьоркьо хутIаги!*
*БачIунелъ талихIгун-рохел бачIаги*
*Берцинаб гIумрудуй байбихьи лъезе.*

***ЦIорол дада***

*Нилъерго гIадамазул хIакъалъулъ*

# А. ГIамирхановасул вечералда

Композитор ва шагIир АхIмад ГIамирхановасул кучIдузул цIияб тIехь бахъиялъул хIурматалда дандеруссин тIобитIана

Ленинкенталъул 35 гимназиялда тIобитIана магIарулазул машгьурав бакъназул устар, ДРялъул искусствалъул мустахIикъав хIаракатчи, Шамхал-Термен росдал гьоркьохъеб школалъул музыкалияв учитель, гьунар бугев шагIир Унсоколоса АхIмад ГIамирхановасул лъабабилеб тIехь – «Ансадерил накъищал» басмаялда бахъиялда хурхараб рохалилаб тадбир.

АхIмадил шигIрияб хIаракатчилъиялъулгун цIалдохъабазул лъай-хъвай гьабиялъул мурадалда тIобитIараб гьеб дандчIвай ана тIадегIанаб даражаялда. Абизе ккола кватIун вачIарасе гIодов чIезе бакI щолареб хIалалда зал занкIун цIун букIиналъги бицунин гимназиялъул цIалдохъабазул рекIелъ миллияб адабияталдеги маданияталдеги бугеб рокьиялъул. АхIмадие ва гьесул хIурматалда гьенире рачIарал гьалбадерие баркала кьуна гимназиялъул директор Чакар Мажидовалъ. Гьелъ загьир гьабуна гьединал дандчIваял цIалдохъабазе унгоунголъунги сайгъатлъун лъугьунин абураб пикру.

ХIикмалъизаруна концерталъул программаялъул бечелъиялъги, щибаб номер магIнаяб ва балагьаразул рекIее



асар гьабулеб куцалда тIубазабиялъе лъималаз бахъулеб букIараб жигаралъги. Кутакаб хъатчIваялдалъун къабул гьабуна, хъахIал ва чIегIерал чухъбиги ретIун сценаялде рачIун, «Гуро гьитIинаб гьечIо, гьудулзаби Дагъистан» кечI ахIарал 11 классалъул цIалдохъабазул, – ДРялъул мустахIикъав учитель ЖабрагIилов Камилил нухмалъиялда гьоркь чанго со налъ гимназиялда хIалтIулеб бугеб «МагIарулал» абураб ансамблялъул гIахьалчагIазул церерахъинал. Концерталда хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул мустахIикъав учитель Расул МухIамадовас гIуцIараб «Аманат» ансамблялъул кьурдухъабаз, «Лига» къокъаялде гьоркьоре унел цIалдохъабаз ва цогидазги. Унгоунголъунги бещизе мустахIикъаб куцалда нухда бачана хIалтIи ва тадбир гимназиялъул учительзаби ТIавус ХIасанхIусейновалъ ва Шамай Таймурадовалъ.

«МахIачхъалаялъул гIисинал цIваби» абураб конкурсалда тIоцебесеб бакI ккурай Шамхал-Термен росдал гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан Расулова Хадижатги гIахьаллъана жиндир го учителасул хIурматалда гIуцIараб гьеб тадбиралда. АхIмад ГIамирхановас жиндирго рагIабазда бакъан хъвараб «АхIулгохIил гъазизабазде» кечI Хадижатица ахIулеб мехалда ракIалде кколеб букIана магIарул кучIдузул зодихъ цоги гвангъараб цIва кунчIун бугилан.

Залалда кутакаб сихIкъотIи лъугьана Абусупян ГIалихъараевас миллиял музыкалиял алатазда ва гитараялда рачунел бакъназухъ гIенеккизе рес щвараб заманалда. Гьев кIудияб гьунаралъул музыкантасул, мисал босизе мустахIикъаб гIамал-хасияталъул магIаруласул рахъалдасан хIакъикъаталдаги кIудияб сайгъатлъун лъугьана гьеб лъималазеги чIахIиязеги.

ГIадатияв, гIамалкIодолъиялъул рагIадгицин гIумруялъ жинде рехичIев АхIмад ГIамирхановас намусго баркала кьуна, гьес абухъего, «гьитIинаб гьунар кIодо гьабун», гьеб дандчIвай гIуцIараб гимназиялъул коллективалъе, директор Чакар Мажидовналъе ва гьенир жинда хьолбохъ чIарал гьудулзабазеги.

**МухIамадкамил ГЬИМАТОВ.**

**ГIолеб гIел куцаялде - кIвар**

## *Лъимал махщалиде ругьун гьарулей*

ГIодой къулун къочула
Руччабазул кверазда…

Гьадинал рагIабаздалъун чIужугIадан кIодо гьаюн хъван буго жиндирго кочIолъ Расул ХIамзатовас. Диеги бокьун буго газеталдасан райцентралъул творческияб рукъалъул хIалтIухъан, кверазда махщел бугей, гIамал-хасиятги берцинай, хIалтIулаб коллективалда гьоркьоб жиндир адаб-хIурматги гьабулей ПатIиматил бицине.

ХIеренго, щияй ясалда аскIойги чIун малъула ПатиIматица гьеб. Цо гьелъ гьеб кружок гIуцIун бугеб куц! Гьарун руго цере арал лъималазул хIалтIаби тIад чIварал стендал, выставкаби, зама-заманалдасан гьенире рачIуна гьабураб хIалтIухъ балагьизе гьалбал.

Эбел-инсуе цIакъ бокьула жиндир лъимер цо кинаб бугониги кверзул махщелалъе ругьунлъизе, гьеб кодоса босулареблъун



I993 соналда ячIана ГIабдурахIманова ПатIимат лъималазул творческиб рокъой рукъарулеб кружокалъул руководительлъун хIалтIизе. Гьеб заманалда жаниб чан ясха гьелъ рукъаризе ругьун гьарурал, чан гIолилал махщелги щун хIалтIулел ругел? Гьелъул кружокалде 8-I0 классазул ясал уна рукъаризе ругьунлъизе. Малъула гьезда ретIел лъутIизе, букъизе ва цогидабги гьабизе.

бугелъулха. ГIемер руго райцентралда творческияб Рокъор ругел кружоказде хьвадулел лъимал. ГIемерлъаги нилъер лъималазда лъикIаб малъулел бакIал ва гьираялда хIалтIулел гIамал-хасият берцинал лъимал куцалел педагогалги. Баркала, ПатIимат, мун гьединай йикIиналъухъ. Баркула ЦIияб сонги!

**ПатIимат МУХIАМАДГIАЛИЕВА.**

**Кружокалде хьвадулеб лъимадул эбел.**

## *ЦIорол дадал баркиял*



**РайУОялъул нач. Л. МухIамадгIалиевасухъе**

Рейтингазда бергьунин
Кверал гIодой риччаге,
Лъай гьечIел жагьилзабаз
Лъунин нилъеда гIужал.
Кодохъ босе щивасул
Чорхолъ ругел гIамалал,
ГIаданлъун куцачIони
Квешаб букIунин хIасил.
Баркула ЦIияб сонги
Сахлъи коллективалъе,
ТалихI-рохелалъ гуреб
Нужер квер босугеги!

**Пенсионнияб фондалъул нач. А. ГIалисултановасухъе**

Херлъунин ургъел чIвазе
ГIадамазда толарел,
Боркьараб салам буго
Сахаб коллективалде.
ЦIияб соналъ, нужее,
Рохел-талихI цIикIкIаги,
Бищунго чи хIажатаб
Сахлъиялда хутIаги!

Рихьуни ГЭСалъул нач. М. МухIамадовасухъе

Подпискаги гьабулел,
Квер чIвазеги ратулел,
Халкъалъе канлъи кьолел,
ГIумро гвангъизабулел.
Баркула ЦIияб сонги
Сахлъи-рохел, нужее
Ккаралъур ратизеги
Тавпикъ кьеги, нужее!

***«Ветхое жилье» Программа тIубазабулел М-ГI. ва ХI. ХIамзатовазухъе***

**Рукъ басралъаразул**
**Ургъел гьабурал,**
**Гьезул мурадазе**
**Жал рахъун чIарал,**
**Баркула ракI-ракIалъ**
**ТIаде щвараб сон**
**Нужерги тIурайги**
**РекIел мурадал!**

*Казначействалъул нач. М. МухIамадовасухъе*

**Бищунго хIажалъулел**
**Казнаялъул коллектив**
**Кидагосеб икъбалалъ**
**Квер байги ЦIияб соналъ.**
**Нужгоги рохун тайги**
**Нижги роххизаризе,**
**Сахлъигун талихI щваги**
**Щивасе лъикI букIине.**

Учредитель:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Адрес: 51373
Унцукульский
район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28
Телефон редактора
55-63-07

Унсоколо
районалъул
Унсоколо росу.
Муст1афаевасул
къват1, 28

Газета
зарегистрирована
Управлением
Федеральной
службы по надзору
и сфере связи,
информационных
технологий и массовых
коммуникаций по РД
Регистр.
Пи № ТУ05-00284
от 20 марта 2014 г.

Газета выходит
на аварском и
русском языках

Газета бищана
редакциялъул
компьютеразул
цехалда ва къватIибе
биччана «Дом печати»
типографиялда
Г1ахъушинскиясул
къват1 21
Тираж 1500 экз.

Газета отпечатана
в типографии
«Дом печати»
по адресу:
ул. Акушинского 21
Подписано в печать
30. 12. 2014 г.

Редакциялъул
пикру кидаго гуро
газеталда рахъарал
макъалабазул авторазул
пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рихьиза
рурал хIужабазул,
цIаразул, тарихазул ва
цогидалги баяназул
жаваб кьола авторaз.
Гьединал материалал
газеталда
рахъула гьезие
общественносталъ
къимат кьезелъун.

# Литературияб гьумер

## ХъахIабросулъе сапар



Киналго бахилаб, гьитIинаб росу
Рокьул кучIдузул хан жанив гьавураб.
Доб «панаяб хIухьел, бухIулеб рекIел»
Нилъее тун арав, МахIмудил ВатIан.

ТIубачIеб рокьуца керен бухIарав
Мун жанив хьвадарал, гьаб росдал къватIал.
«Соролел лугбазул бугеб гIакъуба»
ГIарза духъе щвечIеб хирияб тIалъи.

Дуца пандурги хъван, тIолго халкъалъе
Рокьул асаразул ахIана кучIдул,
ГьитIинаб, кIудияб щибаб гIелалъе
РекIелъе ротулел маг1на гъваридал.

Рокьулел ясазде гIолохъабаца
Дур кочIол мухъалгун хъвалаан кагътал,
Каранда рекIел хIал загьир гьабизе
Гьезие мисаллъун букIунаан мун.

Бишунгоги жидер гIишкъу бергьараз
Абизе букIине дудаса хадуб
РакI хIайран гьабулел рокьул рагIаби
ЦохIогIаги нахъе тун гьечIо дуца.

Цо-цо мехалъ жаваб щвезе захIматаб
«Ихдал къойил бугин къагIида рокьул»
ТIолабго халкъалъе бицана дуца
Каранда жаниб ракI угьдулеб хIалалъ.

Гьаб росдал хабалалъ гьитIинаб зани,
Гьелда тIад бахъараб берцинаб сурат,
Абадиялъего мун жанив лъураб
Хабадеги къулун, къварид вуго дун.

Нилъер ВатIаналда, киназго дуе
Рокьул шагIирилан цIар кьолеб буго
Гьеб рахъалъ мун вугеб борхалъиялде
Вахарав чи гьечIо, Дагъистаналда.

*Хайрудин КАМАЛУДИНОВ*
*Хасавюрт шагьар.*

## ГIайшат Малачиевалде

ЦIар арав имам Шамиль
Гьавураб районалда
ГIурай шагIиралъухъе
Хъвазин гьитIинабго кечI.
Дагъистанго чIухIарав
МахIачил ВатIан цояй
Дуда ЦIияб сон баркун
БитIулеб буго кагъат.
Бечедаб магIарул мацI
ЦIунун цее яхъуней
Халкъалъ къимат гьабулей
Гьайбатай магIарулай.
МагIарул яхI-намусги
ГIадаталги гIумруги
Жанир рихьизарулел
Асарал жинца хъварай.
РекIелъе ротулел дур
КучIдул цIалараб мехалъ
КунчI-кунчIун цебе чIола
Нилъер ВатIан - Дагъистан.
Россиялъул машгьурал
Поэтаздасан – цояв
Лермонтовасул медаль
Кьезе мустахIикълъарай.
Маданияталъул гIоркь
Щулаго кодоб ккурал
ШагIирзабазул кьерда
Гьоркьой мунги рекъола.
ЧIаго вукIарав анищ
КIудияв Расулица
ТIадегIанаб кьелаан
Къимат дур асаразе.

*ТI. АХЪБЕРДИЕВ*

*ГIайшат МАЛАЧИЕВА*

## Лъида божилел?

ТIагарал тушбаби-бигьаял чагIи
Гьез гудур гъолеблъи лъалареб жойищ?
Балъгоял тушбаби – лумиял чагIи
Чи тохлъараб гIужалъ гIадан векулел.
Дур рекIел тахиде нухги балагьун,
Нус батула гьезул кисиниб бахчун.
Бальго тараб гъансил кIулалги ричIун,
Байрахълъун батула бихьулелъуб чIван.
Рагьун данде чIарал - жагьилал чагIи,
Гьезул рекIкIалдаса рикIкIад чIеларищ?
Шакал гьудулзаби – макруял чагIи,
Мун гьоркье рехизе кьуру цIехолел.
Жеги жаниб тараб пикруги бикьун,
Базаралде бачун бичун батула.
Берзукьа хьваралго гъванцилъ речIизе
Гъадриниб хьихьараб борохь батула.

## ГIалхуллъи кин чIезабилеб?

ГIадлу алжаналъул кIул, иман, яхI-намус, адаб
Хадуб гIолеб гIел цIунун, умумуз къалеб рачел.
Долларал,еврабазда хадур рекерулаго
ГIодор чIезе кколеб куц, малъизе гьечIеб закон.
Ахъбердилаев ТIалхIат, цIалана дур макъала
ГIалхуллъи къинабизе, къазе кколин рачел,-ян.
КъватIахъ скамейказда, гьел рихьидал кантIарал
КигIаналъ нилъ кватIарал, гIадло - тадбир гьабизе.
Нилъер улбуз магIарухъ, лъимал хурир гьаруна,
Хур лъилъизе аралъуй, ссанул ракьанда егун.
Гьелъ бичIчIана лъимада, хIалтIи тIадаб жо букIин,
Херал эбел-инсуда, раччун бегьулареблъи.
Род. домаздаги гьарун, инсухъе кьолел къоялъ
Къосараб эсул гIамал, рищваталъул махIги чIван,
Валъанхъизе гIуравго, садикалде кьолелъул
Кьезе гIарац гьечIони, лъана восуляреблъи.
Гьаб кинабгоги бихьун, балухълъуде рахиндал
ГIодор чIолел бакIалда, хIатIал лъей рогьо гуро.
Школалда щуйилаб, шабашка кьуни лъола
Инсититутахъ дипломал, ричун росизе кIола.
Комсомолалъ гIолилал лъикIлъиялде куцана,
Коммунист партиялъул, кваранаб кверлъунги чIчIун.
Как-диналде рокьукълъи, эзул цо ккараб гъалатI
Гъалмагъирги, чIвай-хъвейги – элгун цадахъаб букIун.
ГIалхулаллъун нилъ рукIин, азул кIудияб рохел
Жидерго хъубал ишал, халкъалда лъангутIизе.
Булдуца гIарац буххун, гIорцIун бугеб къавмалъе
КъватIахъ гьечIеб гIадлуялъ гIинда квачI хъатIуларо.

*ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.*

## Газеталъул гьудулзабазде




Баркула, нужеда, тIаде щвараб сон,
ТIурайги хIасратал рекIел мурадал,
Нужер хIурматалда хIур кIутIугеги,
Нужер къадруялъул къимат хогеги!

Къадарлъи, инжитлъи хIилла-рекIкI, рогьо
Пумруялъ бихьизе хъван батугеги.
Рохелалъ гурони, къварилъабаца
Кьиругеги нуцIа, нужер къавулъе.

Нужер намусалда цIа рекIунгеги,
ЦIогьаз бикъугеги къиматаб иахI,
Нужеца бекьараб хур цIун бачIаги,
Сундульго битIги ккун, рази хутIаги!

*РЕДКОЛЛЕГИЯ.*

## Жакъасеб къоялъул къваридаб сарин

БацIал гъулгъулел руго
Гъваридаб кIкIал бугилан,
ХIанчIи гIодулел руго,
Жидер лъеда хъвагеян.

Лъинал гIемерлъун руго,
ГIорал гьалаглъун руго,
ГIадамазул магIишат
Щущахъ биххизабизе.

Ригьзал чIахIалъун руго,
Бикъун щвараб гIарцуца,
Дачаби ралел руго
ХIарамаб боцIи щведал.

Прокурорал, судьяби
Ричун росулел руго,
Долларал гIемеразе
ГIадлу гьабулеб гьечIо.

Ахал щущахъ ран руго
Хурзал ричулел руго,
Сталин чIаго гьечIо,
Ленин вуцIун чIун вуго!

Коррупцияги цIикIкIун
Мафия тIегьан буго,
Анаша бичулезе
Нухал гIатIидго руго.

ГIисиназе, херазе
Кепкал цIикIкIинаризе
Путинил законалда
Нухал мукъсанал руго.

Ричун унтаби росун
Пенсияби гьарула,
Нусазарго къурасе
Инвалидлъиги щола.

Чвантиниб гIарац лъуни
Дараби лъикIал хъвала,
Сумкаби цIун рачIани
Бербалагьи цIикIкIуна.

Коммунистал херлъана
Госконтроль щущан ана,
Щущан араб Дагъистан
Данде лъица бачунеб?

*П. ХИЗРОЕВА*